



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO ADMINISTRE PLIS PASE 10.5 MILYON DÒZ
VAKSEN KONT COVID-19 NAN ETA NEW YORK**

***Plis pase 1 milyon moun te vaksinen konplètman nan sit vaksinasyon an mas Eta
New York ak FEMA yo***

Nouyòkè ki genyen 16 an ak plis yo kalifye pou vaksen COVID-19 la apati 6 avril

Yo administre 182,967 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te administre plis pase 1,4 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

1 sou 3 Nouyòkè te resevwa omwen yon dòz

1 sou 5 konplètman vaksinen kounye a

***Tablodò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram
vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke plis pase 10.5 milyon dòz vaksen COVID-19 te administre nan Eta New York. Plis pase 1 milyon moun te vaksinen konplètman nan sit vaksinasyon an mas eta a ak FEMA yo. Nouyòkè ki genyen 16 an ak plis yo kalifye pou vaksen COVID-19 la apati 6 avril. Yo te administre 182,967 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te administre plis pase 1.4 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"Vaksen an se zam k ap genyen lagè a, men nou pako genyen gè a. Nou nan yon kous ak enfeksyon--COVID la k ap ogmante, men vaksinasyon yo tou. Di m kiyès ki ogmante pi rapidman, m ap di w kiyès k ap genyen gè a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mesaj nou an klè: Nou dwe pran vaksen an. Menm si ou jèn, ou ka trape COVID la epi ou ka transmèt COVID la. Ou ka transmèt li bay manman ou, granmè ou oswa yon lòt moun ki pa solid menm jan, e ou ka rive fè yon moun mal oswa tiye yon moun. Gen plis risk nan pa pran vaksen an ke nan pran vaksen an. Lè kominote sante Eta New York la te di li san danje a, mwen te ale jwenn Nouyòkè yo pou di menm bagay la. Mwen pa t ap di sa si mwen pa t 100 pousan konfyan ke meyè pwofesyonèl medikal nan Eta sa, ki pa gen okenn enterè, te di ke li san danje. Se poutèt sa mwen te pran li, poutèt sa manman mwen te pran li, epi se poutèt sa tout moun nan fanmi mwen ki kalifye te pran li, paske mwen kwè ke li san danje."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajan depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske founiti an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen maladi kwonik ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo elijib:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 10,663,122

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 182,967

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,434,024

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 33.8%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 21.2%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	402,767	5,012	262,638	6,257
Central New York	345,720	3,336	236,740	5,076
Finger Lakes	418,072	4,959	264,856	6,355
Long Island	830,199	16,742	468,065	13,608
Mid-Hudson	694,157	14,369	396,439	13,184
Mohawk Valley	172,967	1,851	115,519	2,852
New York City	3,031,549	41,864	1,941,576	39,461

North Country	178,464	1,331	132,819	2,787
Southern Tier	226,615	4,075	142,938	2,741
Western New York	447,385	7,136	271,873	7,295
Nan tout Eta a	6,747,895	100,675	4,233,463	99,616

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8	321,850	220,720	542,570	3,343,625

Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07				
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 03/29 - 04/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb ['Èske M Elijib \(Am I Eligible\)'](#) a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen

yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)